



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DFS A ANKETE DEKLARASYON KE KONPAYI PIBLISITE YO AP ITILIZE PLATÒM FACEBOOK POU ANGAJE NAN DISKRIMINASYON

Platfòm Piblisite Facebook la Dapre sa yo Rapòte Pèmèt Konpayi Piblisite yo Ekspwate Anpil Done Pèsonèl Itilizatè yo pou Itilize Ras, Koulè Orijin Nasyonal, Relijyon, Sitiyasyon Fanmi, Sèks ak Andikap pou Detèmine Ki Moun ki Kapab Wè Piblisite yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a pou Depatman Sèvis Finansye a (Department Of Financial Services, DFS) pou ankete rapò yo ke konpayi piblisite Eta a reglemante yo ap itilize platfòm piblisite Facebook, Inc. a pou fè diskriminasyon kont klas ki pwoteje yo.

"Deklarasyon yo kont konpayi piblisite sou Facebook yo ekstrèmman twoublan epi yo kontrè ak tout sa New York reprezante", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ap mande Depatman Sèvis Finansye a pou ankete sou deklarasyon sa yo epi ede asire ke yo pa fè diskriminasyon kont Nouyòkè yo k ap chèche ebèjman pou yomenm ak fanmi yo nan okenn fason Nou ap pran mezi ki agresif epi asire ke sila yo ki dèyè pratik repreyansib sa yo ke y ap pale yo rann kont totalman devan lajistis".

"Nou ap pran mezi pou dekouvri totalman deklarasyon pwofondeman preyokipan yo ki ap fèt kont Facebook yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Eta nou an pa pral tolere kèlkeswa fòm diskriminasyon an epi li pral travay aktivman pou asire jistis ak egalite pou tout Nouyòkè yo. Ankèt sa a se yon pa annavan enpòtan pou pwoteje dwa moun yo".

Sipèentandan Sèvis Finansye a Linda A. Lacewell te deklare, "DFS angaje pou asire ke tout Nouyòkè yo pwoteje epi yo pa fè diskriminasyon kont yo, menm si yo angaje nan aplikasyon medya sosyal yo oswa yo senpleman ouvri yon kont nan bank. Depatman an pral ankete sou konpayi piblisite Facebook yo pou egzamine deklarasyon twoublan sa yo epi nou prepare pou pran kèlkeswa mezi ki nesesè yo pou asire ke tout founisè sèvis finansye yo respekte pwoteksyon konsomatè legal ak regilatwa estrik New York yo".

Selon rapò yo, platfòm piblisite Facebook la pèmèt konpayi piblisite yo modifiye oswa bloke piblisite yo ki itilize enfòmasyon kòd postal pou ekskli konsomatè baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kondisyon famiyal, sèks ak andikap, pami lòt klasifikasyon yo. Facebook vante platfòm piblisite li a kòm yon mwayen pisan pou ebèjman ak konpayi piblisite ki gen rapò ak ebèjman yo pou atenn konsomatè yo dezire yo. Anplis ak zouti espesifik yo rann disponib pou konpayi piblisite yo, Facebook itilize tou swadizan aprantisaj machin ak analiz prediktif pou kategorize itilizatè yo pou

pwoteje chak repons pwobab itilizatè yo pa rapò ak yon piblisite, ki gendwa rekreye regwoupman ki defini dapre klas pwoteje yo a.

Senatè Kevin Thomas, Prezidan Komite Zafè Konsomatè (Consumer of Affairs Committee) Sena a, te deklare, "Gwo platfòm medya sosyal yo gen aksè san presedan ak done pèsònèl nou yo. Li enpòtan pou nou adopte yon apwòch pwoaktif nan pwoteje done prive nou yo epi anpeche diskriminasyon teknolojik. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo dèske li rekonèt gravite kesyon sa a, epi dèske li pran mezi pou asire ke done pèsònèl nou yo pap itilize nan fason ki twonpè ak diskriminatwa. Mwen gen konfyans ke DFS lan pral travay pou adrese kesyon fondamantalman enpòtan sa a epi li pral kontinye pwomouvwa pwoteksyon lavi prive konsomatè yo nan tout Eta New York".

Senatè Diane Savino, Prezidan Soukomite Entènèt ak Teknoloji (Internet and Technology Subcommittee) Sena a, te deklare, "Kòm Prezidan Komite sou Entènèt ak Teknoloji a, lavi prive ak done konsomatè yo se pi gwo sousi nou. Nou te gen odyans ak moun sou lavi prive konsomatè yo nan sesyon sa a epi mwen espere pa lontan nou ap avanse nan lejislasyon pou pi byen pwoteje tout Nouyòkè yo. Mèsi Gouvènè Cuomo dèske ou fè premye pa pou asire nou an avans nan laj teknolojik sa a ki ap evolue si rapid la".

Manm Asanble Michael DenDekker, Prezidan Komite Zafè Konsomatè Asanble a, te deklare, "Diskriminasyon nan nenpòt fòm pa ta dwe jamè tolere, epi pozisyon inik Facebook tankou yon lidè nan piblisite an liy lan rann konsekans diskriminasyon nan pratik piblisite li yo konsiderab. Mwen aplodi desizyon Gouvènè Cuomo a pou bay enstriksyon ak Depatman Sèvis Finansye a pou pouswiv yon ankèt nan sityasyon ki trè preyokipan sa a".

Manm Asanble Clyde Vanel, Prezidan Soukomite Entènèt ak Teknoloji Asanble a, te deklare, "Mwen felisite mezi sa a Gouvènè Cuomo pran an. Li trè enpòtan pou Eta New York pou asire ke done ak enfòmasyon Nouyòkè yo pwoteje kòrèkteman. Twò souvan gen ensidan sou enfòmasyon ak malfezans nan done yo. Mezi sa a senbolize yon pa enpòtan sou wout pou pwoteje sitwayen nou yo".

Inisyativ pou Pwoteksyon Konsomatè New York yo

Anba administrasyon Gouvènè Cuomo a, New York te pran mezi ragilatwa ak lejislatif pou asire pwoteksyon konsomatè yo nan tout Eta a. An Mas, Gouvènè a te anonse yon nouvo lwa ki limite rekouvremant dèt yo kont debite ki mouri yo ak fanmi yo apre rapò ke konpayi rekouvremant yo te eseye itilize teknik pou fè presyon sou fanmi yo pou peman. Anba amannman an, konpayi rekouvremant dèt yo pa kapab bay okenn vye motif konsènan obligasyon fanmi an pou peye dèt la.

Pi bonè ane sa a, Gouvènè a te lanse tou yon inisyativ edikasyon pou laj teknolojik la, gen ladan egzamen kondisyon sèvis ak politik konfidansyalite aplikasyon ak sèvis wèb ki popilè yo, apre rapò yo ke Facebook te aksede an sekre ak enfòmasyon itilizatè yo. An fevriye, Gouvènè Cuomo te bay enstriksyon ak Depatman Eta (Department of State) New York la, Depatman Sèvis Finansye a ak lòt ajans Eta yo pou ankete rapò sa yo epi ankouraje regilatè federal yo pou pran mezi tou pou pwoteje dwa konsomatè yo.

An me, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Sèvis Depatman Finansye Eta New York lan ak Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) Eta New York lan pou ankete sou TurboTax, H&R Block ak lòt gwo preparatè deklarasyon taks yo apre rapò resan yo ke konpayi sa yo swadizan te itilize piblisite Google ak karakteristik sitwèb yo pou kache yon fason twonpè opsyon deklarasyon taks anplis yo pou moun ki gen revni fèb yo ki kalifye pou ranpli taks yo a gratis.

An Janvyè, Gouvènè a te pibliye yon avètisman pou konsomatè pou avèti Nouyòkè yo sou yon bòg nan aplikasyon FaceTime Apple lan ki dapre sa yo rapòte pèmèt itilizatè yo resevwa odyo ak videyo sòti sou aparèy moun y ap rele a anvan menm moun nan aksepte oswa rejte apèl la. Gouvènè Cuomo, an patenarya avèk Pwokirè Jeneral Letitia James, imedyatman te pran mezi epi te anonse yon investigasyon sou vyolasyon konfidansyalite a, li te bay Nouyòkè yo enstriksyon pou kontakte Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection) Depatman Eta a pou rapòte plent yo.

Anplis, kòm pati Bidjè Ane Fiskal 2020 ki Adopte a, Gouvènè a te siyen lejislasyon lejislati a te vote a pou egzekite refòm radikal yo nan bay lisans ak konpayi k ap desèvi prè pou etidyan ke Nouyòkè jere yo. Pwoteksyon yo egzije ke yo satisfè estanda ki konfòm avèk lalwa ak règleman yo k ap gouvènè lòt pwodui pou prè siyifikatif yo. Nouvo lwa a pral asire ke okenn ajans prè etidyan pa ka twonpe yon moun k ap fè prè oswa angaje nan aksyon oswa pratik eksplwatasyon, mal aplike pèman yo, bay ajans evalyasyon kredi yo enfòmasyon ki pa korèk, oswa nenpòt lòt pratik ki ka nwi moun k ap fè prè a.

Apre vyolasyon done yo nan ajans evalyasyon kredi yo tankou Equifax ki te ekpoze done prive plizyè milyon Nouyòkè yo, Depatman Sèvis Finansye a—anba enstriksyon Gouvènè a—te pibliye yon règleman final ki egzije ajans yo ki gen operasyon siyifikatif nan New York yo pou anrejistre nan DFS la pou premye fwa epi pou konfòme yo ak estanda sekirite enfòmasyon New York la ki se premye nan nasyon an. Règleman an bay Sipèentandan DFS la otorite tou pou l refize, sispann epi revoke si sa nesesè otorizasyon yon ajans evalyasyon kredi konsomatè yo genyen pou fè biznis avèk enstitisyon finansye ak konsomatè ki reglemante New York yo, si li jwenn ajans lan pa konfòm avèk sèten pratik ki entèdi yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)